

ANN PWOTEJE TÈT NOU ANSANM APRÈ YON IJANS!!!



Financiado por
la Unión Europea
Ayuda Humanitaria



Save the
Children

Posib risk ti fi, ti gason ak adolesan ap afwonte yo kapab ogmante akòz enpak ijans oubyen dezafòmasyon natirèl yo pwovoke.

Vyolans kont ti fi, ti gason ak adolesan yo fè referans a tout fòm prejije, abi fizik, abi mantal, mank swen, tretman ak neglijan, maltretans, abandon, eksplwatasyon oubyen abi seksyèl¹.

Fòm vyolans sa yo kapab rive lakay, nan lekòl, nan espas piblik ou prive; an jeneral, sa ka rive nan nenpòt espas kote yo menase diyète, entegrite fizik ak emosyonèl ti fi, ti gason ak adolesan yo.

¹ Konvansyon sou dwa timoun. Atik 19.

Fason ti fi, ti gason ak adolesan yo ap eksperimente vyolans la kapab afekte yo sou divès fòm selon jan y ap viv, selon kontèks y ap evolye a, selon pwoteksyon ak atansyon y ap resevwa nan men moun ki nan antouraj yo.

Vyolans lan kapab kite tras ak gwo konsekans nan nivo endividyèl, famiyal ak sosyal ki ka pouswiv pandan tout lavi.

GEN PLIZYÈ TIP VYOLANS KI EKZISTE.

Asèlman

[oubyen tizonnay]:

Se konpòtman okazyonèl oubyen pèsistan ki, pa aksyon oubyen pa inaksyon de fason entansyonèl ki jenere malèz, domaj oubyen santiman degradan kay yon moun; tout sa yo atravè kontak fizik, atak vèbal oubyen manipilasyon.

Anviwonmantal

[Vyolans nan ntouraj]:

Kondwit ki gen tandans pou kontwòl entegrasyon moun lan nan milye sosyal l a, entèdi l soti, anpeche l resevwa vizit, kritike l oubyen mete l sou kote nan fanmi l ak nan mitan zanmi l, izole ak inyore l.

Sikolojik:

Nenpòt zak, kondwit oubyen inaksyon ki diminye estim moun lan gen pou tèt li oubyen ki diminye resous entèn moun lan.

Ekonomik:

Mete moun lan sou kote nan desizyon k ap pran sou plan finansye, kontwòl depans li, kache l enfòmasyon sou lajan k ap antre, pran lajan lòt moun lan redi fè.

Seksyèl:

Tip vyolans sa fèt pa moun ou konnen oubyen enkonni, li kapab fèt atravè kontak fizik, moun k ap di w pawòl ki gen sans kache, asèlman vèbal, kòmantè ou pa t swete tande oubyen vyòl.

Fizik:

Bat moun lan, lakoz domaj sou kò li.

Vyolans lan pa toujou vizib, se pou sa li enpòtan pou eseye divès pratik ki pèmèt nou rete lwen vyolans.

**TOUT MOUN, NOU GEN DWA POU VIV
LIB SAN VYOLANS**

SI W IDANTIFYE KÈK TIP VYOLANS LI ENPÒTAN POU CHÈCHE ÈD.

N ap pataje avè w **direksyon pwoteksyon ak sekirite nan Tapachula, Chiapas.**

Pi ba w ap jwenn tout enfòmasyon kontak kle ki nan kominote w la, pou mande èd nan ka ou ta bezwen.

Pwogram Sipò a Enstans Fanm nan Eta yo.
Modil Atansyon Imedyata pou fanm ki nan sityasyon risk.

Adrès: Central Norte, s/n, entre Avenida 19 y Privada Oriente 21, Tapachula Chiapas.
Tel: 962 626 2803
Sèvis ak asistans gratis 24/24
Orè sèvis nan modil la se 08:00 a 16:00.

Komisyon Ekzekitif Asistans a viktim yo
Sant asistans Entegral,
Tapachula Chiapas.
Tel: (55) 1000-2000, Ext. 58021 ak 58040
Orè sèvis: 09:00 a 18:00.

Pwoteksyon Sivil Tapachula
Carretera Puerto-Chiapas,
km 6.3, colonia Olimpia,
C.P. 30798, Tapachula Chiapas.
Tel: 962 626 1085
Orè sèvis nan biwo: 09:00 a 16:00.

Sekretarya Sekirite Piblik ak Pwoteksyon Sitwayen
Adrès: Manuel Velasco Suárez s/n, Colonia Las Vegas, Tapachula Chiapas.
Tel: 962 626 4500
Orè sèvis nan biwo: 09:00 a 16:00.

DIF Minisipal
Sexta Norte s/n ak 19 Poniente, Colonia centro, Tapachula Chiapas.
Tel: 962 625 0522
Orè sèvis nan biwo: 08:00 a 16:00.